



Christian Church
(Disciples of Christ)
In the United States & Canada



Chè kòlèg ministeryèl :

Menm jan Jezi te di nan Mak 12 :30-31, kòmandman ki pi konsekan an se pou nou renmen Bondye nou avèk tout fòs nou, e pou nou renmen frè parèy nou tankou nou renmen pwòp tèt pa nou. Sa fè lontan depi ke organizasyon 'Disciples' gen tradisyon sa a pou kreye yon monn ki gen plis jistis pou jenerasyon sila ak sa ki gen pou yo vini yo. Jodi ya, nou pran responsabilite pou nou dirije leadership nou nan yon direksyon ki gen yon defi enpòtan nan nivo moral : chanjman klimatik. Domaj nou wè ki afekte klima nou an, se ptit nou yo ak granmoun ki pi aje yo ki sibi pi gwo konsekans yo ak tout sa yo ki pa gen anyen, epi kreyasyon Bondye a ap diminye.

An tan ke disip Kris, nou gen pouvwa pou nou chanje bagay yo. Nou ka enflyanse lòt yo ak solisyon ki pral kreye kominate pi djanm, kote fanmi nou yo ap santi yo an sekirite e kote n'ap kite yon mond ki pwospè e n'ap pwoteje kreyasyon Bondye a. Óganizasyon 'Disciples' ak ministè 'Green Chalice' ak 'Blessed Tomorrow' met tèt yo ansanm pou yo ba nou « La Fwa An Aksyon : Yon bwat zouti pou Pwoteje Kreyasyon an. » Nou envite ou pou ou itilize twous sa pou sipòte leadership nan aspè pwoteksyon kreyasyon an. Li konprann :

- ① Yon gid : Itilize li pou ou kapab redwi polisyon, fè ekonomi lajan e mobilize kongregasyon ou;
- ② Deklarasyon « Lafwa An Aksyon » : Ajoute non legliz ou ladan, mete li nan yon kad epi bibliye li pou ou kapab pataje angajman ou avèk lòt moun;
- ③ Enfografi « Lafwa An Aksyon » : Bibliye li sou tablo afichaj ou pou ou kapab montre ki diferans 'Disciples' yo fè;
- ④ Egzanp predikasyon avèk passaj biblik : Itilize li kom yon enspirasyon pou predikasyon ou yo;
- ⑤ Lafwa avèk Klima - Gid pou oryante komunikasyon : Li li pou ou kapab konnen ki pratik nan nivo komunikasyon sou sijè pwoteksyon kreyasyon avèk klima;
- ⑥ « Lafwa An Aksyon » : Yon egzanp pou yon sit entènèt: Ou ka mete pwoteksyon kreyasyon an nan sit entènet ou a si ou baze ou sou egzanp sa.

Telechaje video « Lafwa An Aksyon » pou pataje ak kongregasyon ou epi enskri ou pou ou kapab gade webinaire gratis la, ki ap fèt le 23 Me, pou ou kapab jwen plis enfòmasyon ou ka ale sou www.greenhalice.org. Ou ap jwenn bwat zouti a avèk lèt byenvini an Fransè Kanadyen, Kreyol Ayisyen, Panyol e Koreyen.

Wòmen 8 :19 di nou ke « tout kreyasyon Bondye a ap tann konsa kilè ptit Bondye yo va parèt. » Nou envite nou pou nou mete tèt nou ansanm pou nou ka konstwi kominate ki djanm pou fanmi nou e pou nou ka pwoteje kreyasyon Bondye a ansanm. Nou paka tann pou nou jwenn repons ou.

Ke Bondye beni ou e kenbe ou,

Sharon Watkins
Minis Jeneral e Prezidan

Timothy James
Minis Jeneral Asosye e Administratif
Sekretarya Nasional pou Konvokasyon

Lori Tapia
Pastè Panyòl Nasional pa Enterim
Biwo Pastoral Santral pou Ministè Panyòl yo

Chung Seong Kim
Pastè Egzekitif pa Enterim
'Disciples' pou Nò Amerik Pasifik/Azi